Приложение к ООП ООО

Фонд оценочных средств для входного контроля и промежуточной аттестации обучающихся по учебному предмету «Родной язык (чеченский)» (демонстрационный вариант)

(6 классы)

[1] Данный вариант фонда оценочных средств является типовым для учителя-предметника, ежегодно на основании приказа директора школы в ООП ООО вносятся изменения в форме дополнения.

Талламан белхаш
6 класс
Талламан диктант №1 грамматически т1едилларца «6-чу классехь 1амийнарг карладаккхар. Къамелан дакъош» темина.

Хьуьнан дахар

Сарахь оха тхешан т1оьрмигаш кечдира. Оха цу чу г1утакхаш а, аптечка а, кедаш а, 1айгаш а дехкира. Са ма-хилли тхо новкъа девлира.

Новкъахь Салас ког хадийра.Тхан санитара, цунна йод а хьаькхна, д1абихкира иза. Сала т1аккха д1авеара.

Оха сада1а билгалъяькккхинчу меттигана т1екхача барх1 километр йисинера. Новкъахь тхо уьшалшна т1е 1иттаделира. Амма тхан разведчикашна дика некъ карийра. Т1аккха тхо оцу новкъа д1адахара.

Т1аьххьара сада1а севцира тхо боккха 1ам болчохь. Ц1еххьана тхуна хезира бер доьлхуш. Тхо девдда цига дахара. Жима ши йо1 тилаелла хиллера. Оха и шиъ новкъа яькккхира.

Грамматически т1едиллар:

1. Хьалхарчу предложенина синтаксически къастам бе.
2. 1-чу предложенехь билгалдаха шайна девза къамелан дакъош .

Талламан диктант № 2 «Воккха стаг Бисолтий, жима Хьамзаттий»

Бераш доцуш, шаьшшиъ 1аш дара доккха ши стаг: Бисолтий, Селахьаттий. Дечке ваха тохавеллера воккха стаг Бисолта. Цуьнан лулахочун Дудин Хьамзат ц1е йолуш к1ант вара 6-чу классехь доьшуш.

Хьамзат а вахара Бисолтица хьуьнах. Доккхачу хин йисте д1акхечира и шиъ. Башха кхерам боцуш дехьа велира Бисолтий, Хьамзаттий. Бисолтас дечкийн баххьаш ц1андора. Ткъа Хьамзата ц1андина генаш цхьана метте т1ек1ел дохкура. Дашанза дисинчу лайн майданаш т1ехь йолу олхазарийн ларш къестайора Хьамзата.

– Х1ара хьаьжой байинчу ч1ег1аган ю, х1ара къоьзачу ч1ег1аган ю, х1ара мошанан ю бохуш, воккхачу стагана гойтура цо уьш.

– Хьуна стенах, муха евза уьш?

– Ас тидам бина церан, д1адаханчу экханан, олхазаран лоре а хьожуш. Ж1аьлин, цхьогалан, берзан, кхидолчу акхаройн, олхазарийн а лараш къастало соьга. (102 дош) Х-А. Берсанов

Грамматически т1едиллар:

1.8-чу предложенина синтаксически къастам бе.

2. Оцу текста юкъара схьаязде 5 билгалдош шайца уьйр йолчу ц1ердешнашца. Билгалдаккха церан тайпа, терахь, дожар

Талламан диктант № 3 «Ши к1ант тилар»

Деъна са хилира. Гобаькхина хьун яра лаьтташ. Цхьана а меттехь некъан лар яцара гуш.

Ши к1ант ц1ехьа верза лууш вара. Амма муьлхачу аг1ор ваха веза ца хууш, тиллера и шиъ. Мацвелла кийра 1ийжара.

Делкъхан хиллера. Бажа лелла некъаш карийча жимма сапарг1ат даьллера шина к1ентан. Ламанан дежийлашкахь гуш дара жа а, бежнаш а. Дукха гена валале, бетта мохь хезира шина к1антана.

Ц1ера т1аьхьа даьлла орца, сахиллалц маьхьарий, детташ, 1аннаш цоьстуш леллера. Лечий, 1алхий царна карор вара, и шиъ цхьаьна аг1ор д1аихна гена ваьлла ца хиллехь.

Шаьш 1ачу к1отарара вуьрх1итта-берх1итта километр хиллал д1а ихна хиллера и шиъ.

(Х-А.Берсанов)

Т1едиллар: 1. Терахьдешнаш билгалдаха.

2.Кхоалг1ачу предложенина синтакс. къастам бе.

Талламан диктант № 4 «Б1аьсте».

Шолг1ачу дийнахь, кхунна г1о дан ц1ахь сецначу 1абдуллас г1о а деш, нехан бежнаш дажо дигира Ахьмада. Малх дика лакхабаллалц кхунна г1о деш а 1ийна, шен керт-кехь г1уллакхаш дан д1авахара 1абдулла. «Стовн колл» олучу меттехь бажа а бажош, б1аьстенна х1инцца самадолуш доллучу 1аламан хазалле а хьоьжуш, гуш долчу суьрто б1аьргана там хуьлуьйтуш, сапарг1ат даьккхина вара Ахьмад. К1антана хазахетара х1инцца заза даьккхина стеш а, сенъелла йог1у буц а, доллу х1ума серла даьккхина, дох а дина болу къегина схьакхетта малх а. «Кеста хьун а сенлур ю, буц лакха а ер ю, стоьмаша заза а доккхур ду», – ойла йора к1анта. Ахьмад х1ума йиъна воллушехь, кхуьнан б1аьрг кхийтира схьайог1учу шина зудчух. Кхунна девзира шен ненан болар.

Т1едиллар:

1.Т1аьххьарчу предложенина синтаксически къастам бе

2. Т1аьххьарчу кхаа предложенера хандешнаш схьа а яздай, церан хан, терахь билгалдаккха.